



Department of Human Service Programs

Ellen Semonoff, Assistant City Manager

City of Cambridge
51 Inman Street
Cambridge, MA 02139-1102
askdhsp@cambridgema.gov

voice: 617-349-6200
tty: 617-492-0235
fax: 617-349-6248

Mèsi dèske w enterese nan Pwogram Lekòl Matènèl DHSP nan Minisipalite Cambridge an. Lè w enskri timoun ou an nan yon pwogram lekòl matènèl ki gen bonjan kalite, w ap ede li prepare li pou jadendanfan ak plis toujou. Rechèch yo montre timoun ki patisipe nan pwogram lekòl matènèl ki gen bonjan kalite gen pii bon konpetans nan matematik, langaj, ak relasyon sosyal lè y ap rantre nan lekòl elemantè.

Tanpri ranpli aplikasyon tiraj lan anliy sou www.cambridgema.gov/preschoollottery pandan mwa oktòb lan pou enskri timoun ou an nan Tiraj Lekòl Matènèl. Si ou mande èd an pèsòn w ap jwenn li. Si ou bezwen sa, tanpri kontakte dhspreschools@cambridgema.gov oswa 617-349-6254. Li enpòtan pou w konplete tout enfòmasyon ki nan aplikasyon an konsa n ap gen enfòmasyon ajou, egzat epi pou nou ka kontakte w ak rezilta tiraj lan nan mwa desanm.

Anplis pou konplete yon demann anliy, ou pral gen bezwen bay papye pou yo ka konsidere demann ou an konplè (dokiman ki obligatwa yo disponib sou fèy Pwosesis Tiraj pou Lekòl Matènèl yo). Yo detèmine frè ekolaj Lekòl Matènèl DHSP yo selon revni an. Nou pral itilize dokiman yo pou kalkile to ekolaj ou an epi pou detèmine si yon fanmi kalifye pou benefisye yon plas rezève nan youn (1) nan salklas nou yo.

Nan Depatman Pwogram Sèvis Sosyal yo (Department of Human Service Programs, n ap fè jefò pou nou rann pwogram nou aksesib pou tout fanmi ki nan Cambridge yo. Nou aksepte kupon epi nou bay bous pou fanmi ki kalifye pou resevwa asistans pou peye ekolaj lan. Nan dosye sa a, ou pral konnen ki pri pou peye pou ekolaj lan pou koune a. Tout fanmi ki gen revni ki egal oswa pi ba pase 100% revni mwayen HUD an (\$126,200) pral kalifye pou resevwa asistans pou peye frè ekolaj. Kantite lajan asistans ekolaj lan ye se selon revni bri fanmi an, kantite moun ki gen nan fanmi an, ak difikilte pèsònèl. Nou rete kwè resous fanmi yo pa dwe anpeche timoun yo resevwa yon edikasyon nan lekòl matènèl ki gen kalite.

Nan demann anliy lan, yo pral mande pou ou seleksyon kantite lekòl matènèl ou ka seleksyone pou timoun ou an. Ou dwe klase chwa ou yo selon sa ou renmen yo Tanpri sèlman seleksyone pwogram ou ta renmen enskri timoun ou an ladan li an pou si yo avèti gen yon plas Lekòl Matènèl ki disponib. Nou genyen 7 pwogram lekòl matènèl nan tout vil lan epi yo tout gen bonjan kalite. Pwogram nou yo te resevwa pi gwo nòt kalite nan tout eta a epi Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Jèn Timoun yo (National Association for the Education of Young Children, NAEYC) te akredite.

Si ou genyen nenpòt kesyon sou kesyon tiraj la oswa lekòl matènèl nou yo, tanpri kontakte nou nan dhspreschools@cambridgema.gov oswa 617-349-6200. Si ou bezwen asistans nan lang ou ansanm ak pwosesis pou aplike nan tiraj lan, tanpri kontakte Sant pou Fanmi yo nan 617-349-6385. Yon lòt fwa ankò, mèsi poutèt ou enterese nan pwogram lekòl matènèl nou yo. N ap kontan pou travay avèk ou ak fanmi w.

Sensèman,

Meghan M. White, Chèf Sèvis
Sèvis Gadri ak Sipò pou Fanmi